ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-М И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№122 (24.092) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъумэшхэкІхэм елэжь промышленностым и лэжьакІуэхэмрэ я махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Сынывохъуэхъу Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъумэшхэкІхэм елэжь промышленностым и лэжьакІуэхэмрэ я махуэмкІэ.

Фи Іэщіагъэр ящыщщ ди жылагъуэм пщІэ нэхъыбэ зыщыхуащІхэм. Фэ уасэ зимыІэ хэлъхьэныгъэшхуэ хувощІ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм зегъэужьыным, республикэмрэ къэралымрэ я ерыскъыфІхъэ шыкагъуэнщагъэр гъэбыдэным, цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным. Иужьрей зэманым хэпщІыкІыу хохъуэ ди мэкъумэш Іэнатіэм зэрызиужь хуабжьагъым, абы хъеру къитымрэ езым хуэдэхэм япеуэнымкІэ бгъэдэлъ зэфІэкІымрэ. Дызэрыт илъэсми, щІыуэпс зэфІэмыхьэныгъэхэми, эпидемиологие щытыкІэр зэрыгугъуми емыльытауэ, Іэнатіэм хуэзфІэкІащ здынэса льагапІэхэм зыщигъэбыдэн. А псор зи фІыгъэр фегугъуу фызэрылажьэрщ, фи Іэщіагъэм фызэрыхуэІэзэрщ. Си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ фызэрылэжьакІуэфІым, къыхэфха Іэщіагъэм фызэрыхуэпэжьм, дыщалъхуа щІыналъэр фІыуэ зэрыфлъагъум папщІэ.

Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьныр къонэж гулъытэ нэхъыбэ дыдэ зыхуэщІыпхьэхэм ящыщу. Ди къалэн нэхъыщхьэри Іэнатіэм и зэфІэкІыр нэсу къызыкъуихьымкІэ щІэгъэкъуэн дыхъунырщ. Абы папщІэ адэкІи зэрытхузэфІэкІкІэ дыхущІэкъунущ АПК-р техникэ, технологие и льэныкъуэкІэ гъэлъэщыным, мэкъумэшфермер Іэзхущіапіэхэмрэ къуажэ кооперацэмрэ зегъэужьыным. Шэч хэмылъуи, къуажэм ущыпсэуныр нэхъ тынш, нэхъ удэзыхьэх щІыным яужь дитынущ.

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу узынщагъэ быдэ, насып, зэІуэзэпэщІагъэ фиІэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ифІ зыхэлІ Іэзхуэхэм ехъулІэныгъэщІэкэр щызыІэрыбгъэхьэну.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьныым хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІамрэ илъэс куэд хьуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр яфІэщын:

Гериев Мухамбек Далхат и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ВетеринариемкІэ и управленэм къэрал ветеринар кІэлъплъныныгъэмкІэ и щІыналъэ къудамэм къэрал ветеринар кІэлъплъныныгъэмкІэ и инспектор нэхъыщхьэм

Кумыщ Ларисэ Тузем и пхъум - «Налшык консерв завод» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгухьэныгъэм консервхэр щащІ и цехым и унафэщІым

Прытков Михаил Алексей и къуэм - щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэм

Улымбащ Хьэбас Хьэбашэ и къуэм - мэкъумэшыщІэфермер Іэзхущіапіэмрэ и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м
№131-УГ

Къэрал Советым и лэжьакІуэ гупыр зочэнджэщ

Москва и Іэтащхьэ Собэнин Сергей жэпуэгъуэм и 7-м иригъэкІуэкІащ Къэрал Советым коронавирус узыфэ зэрыщІалэм земыгъэубгъуным хуэгъэпса Іуэхухэр зи нэІэ щІэт и лэжьакІуэ гупым и селекторнэ зэІущІэр. Видеоконференц мардэм тету абы и лэжьыгъэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ COVID-19-м Урысейм и щІыналъэхэм зыщиубгъуу зэрыхуежьажам, узыфэр къэхутэныкъэ ар зэуэлІахэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыныкъэ я Іуэху зыІутым, гъуэлъыпІэ нэщІу яІэм и бжыгъэм, узыфэр къемыхьэлъэкІыу езыхьэкІхэм амбулаторнэ ядэІэпыкъуныр къызэгъэпэща зэрыхъум.

Апхуэдэуи хэплъащ зи ныбжь хэкІуэтахэмрэ уз гъэтІылъа зиІэхэмрэ а узыфэм щыхъуна хъун папщІэ зэфІагъэкІэм.

Къимыдакіэ, зэІущІэм хэтхэм и гугъу ящІащ Іуэхущіапіэхэм, транспортым, зэхуэсыпІэхэм щІыхухэм нэкІыІупхъуэхэр щалуТ,ын, узыфэ зэрыщІалэм пэщІэтыным къиубыд нэгъуэщІ мардэхэм тетын зэрыхуейм, апхуэдэуи пыхусыхум пэщІэтыф мастэхэр яхэлъхьэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым жэпуэгъуэм и 7-м ириХьэлІэу COVID-19 узыфэр 8054-м япкъэпту къыщІахутащ, абыхэм ящыщу щІыху 6617-р хъужащ, 102-р илыкІащ. Узыфэр япкъэпту япкъэрымытрэ зэхэгъэкІыну къэпщытэныгъэ мини 197-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Узыфэм ебэныным хуэщІа сымаджэщхэм щІыху 1085-рэ щІэлъщ, абыхэм ящыщу 62-м реанимацэм щоІэзэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм Курп лъагапІэхэм тет фэеплъым деж удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ

Кавказым теухуа Зауэшхуэм советыдзэхэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэр щыІэзэхакъута махуэм и щІыхькІэ

Урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэм - советыдзэхэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэр щыІэзэхакъута махуэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр щигъэтІылъащ Курп лъагапІэхэм тет фэеплъым деж.

ДАУЭДАПЩЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., КъБР-м и къэрал властым и органхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и хабзэхъумэ органхэм, къарузехьэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ совет сэлэтхэм я лІыхъжьыгъэм и щІыхькІэ мы щІыпІэм деж щІыбзэм я дзэ-тхыдэ мемориальнэ комплекс къыщыІэзІухыным теухуа лъэІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм къабгъэдэкІыу мызэ-мытІэу къаззэрыІэрыхьар. Унафэ къащтащ Кавказым папщІэ екІуэкІа Зауэшхуэр зэриухрэ илъэс 80 щрикъум ирихьэлІэу апхуэдэ фэеплъ къызэІухыным теухуауэ.

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щищІащ дзэтхыдэ комплексым и проектыр ягъэхьэзырыну икІи ар гъэзэщІэным хуэгъэза Іуэхухэр къыхилъхьэну.

Гу зылъытапхъэ: *317-нэ фочаУэ дивизим и зауэлІхэм Курп лъагапІэхэм зыщагъэбыдэри, ар яІыгъащ махуи 100-м щІигъукІэ. А зауэм хэкІуэдащ совет сэлэт миниблым щІигъу. Фэеплъыр хуагъэуващ Дзэ Плъыжьым и сэлэтхэу Хэкур хьумэным зи гъащІэхэр щІэзыгъахэм.*

2020 гъэм и бадзэуэгъуэм УФ-м и Къэрал Думэм и зэІущІэм унафэ къыщащтащ жэпуэгъуэм и 9-р Дзэ щІыхьым и махуэщІэу гъэувыным теуХуауэ - 1943 гъэм советыдзэхэм нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакІуэхэр Кавказым папщІэ ирагъэкІуэкІа Зауэшхуэм зэрыщІэзэхакъутам и щІыхькІэ.

Кавказым папщІэ екІуэкІа Зауэшхуэр Хэку зауэшхуэм и тхыдэм хьыкащ нэхъ гъыгъажь дыдэу икІи кІыхьу щытахэм ящыщ зыуэ. Ар махуэ 442-кІэ екІуэкІащ (1942 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м къыщыщІэдзауэ 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9 пщІондэ) икІи мыхьэнэшхуэ иІащ Хэку зауэшхуэм ди дзэхэр щебгъэрыкІуэу хуежьэнымкІэ. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм кІуриубыдэу махуэ 900-кІэ Ленинград деж зэрызыщахъумэжам и ужькІэ Кавказым папщІэ ирагъэкІуэкІа Зауэшхуэрщ нэхъ кІыхь дыдэу щытар.

Кавказым папщІэ ирагъэкІуэкІа зауэзэрылІыр 1943 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м ди дзэхэм я текІуэныгъэкІэ иухащ икІи Хэку зауэшхуэ псом деж кІэ политикэ икІи стратегие мыхьэнэшхуэ иІащ.

Советыдзэхэр щебгъэрыкІуэм зауэурэ километр 800 гъэзугуанэр зэпачащ, километр зэбгъэзэнатІэ мин 200 хъу щІыналъэ хуит къащІыжащ. КъимыдэкІэ, нэмыцэдзэм щыщ сэлэтрэ офицеру мин 281-м нэблагъэ яукІащ, гитлерыдзэм щыщ минихым щІигъу гъэр къащІат.

Кавказым папщІэ ирагъэкІуэкІа Зауэшхуэр урысейм и Дзэ щІыхьым и махуэхэм зэрыхагъэхьам и фІыгъэкІэ а тхыдэ къэхъукъащІэр Урысей Федерацэм къихъуэну щІэблэхэм ящымыгъупщэным лъабжьэ иІэ хъуащ икІи Кавказым ис лъэпкъхэу зи лІыкІуэкІэ я зэхуэдэ бийм пэщІэтахэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным хуэщхьэпэнущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ республикэм и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыхэта «муниципальнэ сыхьэт»

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету жэпуэгъуэм и 7-м иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэхэм, къалэ округхэм я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Премьер-министр Мусуков А. ТІ., КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ КІэрэф М. А., республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хъубий М. Б., КъБР-м финансхэмкІэ и министр Лисун Е. А., КъБР-м цІыхухэр егъэджэныныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор. Абы зэІущІэм хэтхэм ягу къигъэкІыжащ 1 - 4-нэ классхэм щІэс сабий мин 50-м щІигъу ерыскъы пщтыркІэ пщІэншэу 2020 - 2021 гъэ еджэгъуэм къызэрызэрагъэпэщыр. Школ 253-м езыхэм я пщэфІапІэхэр яІэжщ, ерыскъыр щагъэхьэзырри абдеж щагъахьэу, 12-м - шхыныр щрат бофетхэр щолажьэ. Курыт еджапІитІым сабийхэр ягъэшхэнымкІэ зэгурыІуэныгъэхэр зыхуэфащэ Іуэхущіапіэхэм иращІылащ.

Нобэм ирихьэлІэу курыт еджапІэхэм сабийхэр ерыскъы пщтыркІэ щагъэшхэнымкІэ къалэн нэхъыщхьэу кьапэщыгъэ школ шхапІэхэр лэжьакІуэхэмкІэ ирикъуу къызэгъэпэщынырщ. ПщафІэхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ, апхуэдэуи ерыскъы хэха фІэкІа зышх мыхъухэм ар къахухэхьнымкІэ Іэщіагъэлэхэр щахуримыкъу кьохъу.

Школ псоми сабийхэм ирагъэшхэр зыхуэдэр официальнэ сайтхэм къыщагъэлъагъуэ. И нэхъыбапІэкІэ, ирагъэшх хадэхэкІхэр, пхъэщхьэмыщьхэхэр, лырэ лыхэкІхэмрэ, бдзэжьей, шэрэ гъэшхэкІхэмрэ, щІакхъуэрэ булъкІэхэкІхэмрэ. Ди къэралым къыщыщІагъэкІа ерыскъыпхъэу кьагъэсэбэп япщэфІым и процент 99,7-р, абы щыщу ди республикэм щащІахэр процент 80,3-рэ мэхъу.

Къимыдэкіэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм унафэ хэущІыныкІэ муниципальнэ органхэм чэнджэщхэр хуагъэхьащ курыт щІэныгъэ щрат Іуэхущіапіэхэм сабийхэр ерыскъы пщтыркІэ зэрыщагъашхэ щыкІэр адэ-анэхэм я кІэлъплъныныгъэм щІагъэувэну. Школхэм я сайтхэм къыщыгъэлъэгъуащ абыхэм зэрызапыщІэ хъуну щыкІэхэр.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхэщІащ сабийхэм ирагъэшхьэм гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейр икІи а Іуэхур зэхьэлІа министерствэмрэ муниципалитетхэмрэ я унафэщІхэм зэпымыууэ ар я нэІэм щІэтын зэрыхуейр.

«Муниципальнэ сыхьэтым» щхьэхуэу и гугъу щащІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ КъБР-м унэхэр къагъэхуабэу щыщыщІадзэну пІалъэмрэ.

Республикэм и Іэтащхьэм щІыналъэхэм я администрацэхэм я унафэщІхэм зэхуигъэзащ, COVID-19 узыфэр зэуэлІахэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципалитет псоми гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм нэхъ пасэу щыщІадзэным ехьэлІа Іуэхухэм ирикІащІыкІэ хэпльэну.

Пльэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум щытепсэлъыхьым, республикэм и УнафэщІым къыхигъэщхьэхуКІащ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я фІагъым гулъытэ хэха хуэщІын зэрыхуейр. «ЗэгурыІуэныгъэхэр щыІэщ, кьалэнхэри щыІэщ. Къэрал Іуэхущіапіэхэм мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ щокІуэкІ. Араущ, дэ кьытхуащІ дзыхьыр дымыгъэпэжьинкІэ Іэмал иІэкъым. Дэтхэнэ зы сомми и щІыбагъ къыдэтщ федеральнэ къулыкъущІапІэхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр, дэтхэнэ зы сомми - кьыкІэлъыкІуэ илъэсым и сомыр яужь къитщ. Нобэ ар тэмэму къэдмыгъэсэбэпмэ, къыкІэлъыкІуэ илъэсым а сомыр диІэжьынукъым - лъэс лъагъуэ, псэупІэ метр зэбгъузэнатІэ, псы кІуапІэ метр лейхэр диІэнукъым. Лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуауэ щІедмыгъэкІуэкІым, и чэзум Іуэхур щІызэфІэдмыгъэкІым щхьэусыгъуэхэр нобэкІэ щыІэкъым», - жиІащ КІуэкІуэ К. В. зэІущІэр щызэхуищыжьым.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыналъэ зыужьыныгъэмкІэ и комиссэм и президиумым и зэІущІэм. Селектор зэпыщІэныгъэ мардэм тету ар иригъэкІуэкІащ Урысейм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

ЗЭІУЩІЭР къыщызэІуихьи, вице-премьерым абы хэтхэм ягу къигъэкІыжащ Къэрал Советым и Президиумым и иужьрей зэІущІэм Урысейм и Президент Путин Владимир псэупІэхэр ухуэным и къэралым и зыужьыныгъэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къызэрыщыхигъэщар, илъэс къэс къэралым и унагъуэ мелуанитху нэхъ мащІэм я псэупІэхэр ирагъэфІэкІуэныкІэ Іэмалхэр яІэн, абы папщІи илъэс къэс метр зэбгъузэнатІэ мелуани 120-м нэс ятын зэрыхуейр.

«Дыщыкьынэн хуейкъым къалэныкъуэхэр зыхуэдЗэуэныкъым. Ахэр гугъущ, ауэ пхузэгъэхьулІэнущ. Абы папщІэ Іуэхур тэмэму зэтеухуауэ щытын хуейуэ ящІ. Къагъэувэ мардэхэм дынэсын папщІэ, Правительствэм Іэмал хэхахэр къигъэщхьэпэнущ лэжьыгъэр тэмэму тегуэшэным хуэунэтІауэ - гъуэгу ухуэнми, зэрыщыту ухуэныгъэ Іэнатіэми ехьэлІауэ», - къыхигъэщхьэхуКІащ Хуснуллин М. Ш.

Хуснуллин Марат зэІущІэм хэтхэм ягу къигъэкІыжащ ухуэныгъэ Іэнатіэм зыщІэгъэкъуэныкІэ абы зегъэужьныкІэ хуэунэтІауэ щыІэ хэкІыпІхэр. Абыхэм ящыщщ лэжьыгъэ зи пщІ дзэлІъхьэж компаниехэу къэрал контрактыр и лъабжьэу мы гъэм ухуэныгъэ зэрырагъэкІуэкІыну ахъшэ щІыхуэ банкым кьеЫэзыхаХэм хуагъэув процент ставкэхэм къэралым зэрахуКІэригъэхур (дыхьэхуКІэ илъэсым и лимитхэр). Абыхэм ящыщщ лэжьыгъэр

● КЪБР-м и Парламентым

Хамэ къэрал къикІхэр зэрылэжьэнур

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм депутатхэр щыхэплъащ Іэхэугъуэ 50-м щигъум.

КЪБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкіэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен** тепсэлъыхьащ «2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ зэхуІуатыкІэхэр къэзыгъэльагъуэ и коэффициентыр гъэбелджылын» КЪБР-м и законым и проектым. Дэфтэрыр КЪБР-м и Правительствэм къыхилъхьащ, нэгуъущі къэрал щыщу щыналъэм зи хьэрычэт Іэхэу кІыщІзззэзыгъэпэщ цІыху щхьэхуэхэм а бжыгъэр 3,0-у яхуэгъэувын мурадкІэ. КъызэрыхагъэщамкІэ, бжыгъэр апхуэдизу щытащ 2020 гъэми.

- Коэффициентым и бжыгъэр апхуэдизу хъуурэ къызэрыдгъэльагъуэр сэбэп хуохъу визэншэу дызыкІэлъыкІуэ къэралхэм лэжьэну къикІыр нэхъ мащІэ хъуным, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр ирикъуу Іэнатіэкіэ къызэдгъэпэщыным. Къищынэмыщіауэ, къыхэгъэщыпхъэщ апхуэдэ Іэхэу бгъэдыхьэкІэм Іэмал къызэрыдитыр нэгъуэщІ къэралхэм къикІауэ щыналъэм щылажьэхэм я хэхъуэм пэкІуэ налогыр нэхъыбэ тщІыну, - къыхигъэщащ Къэзэрым.

Депутатхэр зэрэзэрыгъэпэщ, Іэхэугъуэ 2021 гъэм щышылэм и 1-м щегъэжьауэ зи хэхъуэр сом мелуани 5-м щІигъуэм ятын хуей налогым процент 15-м нэскІэ зэрыхэхъуэнур, - къыхигъэщащ къэпсэлъэм.

Зэлущіэм щытепсэлъыхьащ мафІэс шынагъэуэншагъэм, псэупІэхэр ухуэным, мэкъумэшым зегъэужьным, сабийхэр я узыншагъэм эзран хуэхъу хъыбархэм я ящыхъумэным, нэгъуэщІхэми ятеуху федеральнэ законхэмрэ жэрдэмхэмрэ.

Депутатхэм дАІыгъакъым УФ-м и Бюджет, Налог кодексхэм я Іыхьэ зыбжанэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къагъэлъэгъуэ федеральнэ законхэм я проектхэр.

Апхуэдизэ зэІущІэм унафэ щащІащ КЪБР-м и Парламентым и Щыхь тхьилъыкІэ республикэм и лэжьакІуэ нэхъ пажэхэм ящыщхэр ягъэлъапІэну.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Щіалэгъуэ

Тхылъыр Іункіыбзэіух телъыджэщ

**Ныбжьыщіэхэр тхылъ еджэным дегъэхьэхьным хуэунэтІа «Еджэным еІлаІэр и лъэпкъым и къэкІуэным иропІейтей» программэм ипкъ итКІэ, хабзэ хъуауэ, ди щІыналъэм гъэ къэс къыщІэзэрагъэпэщ «Ди псалъэм къыпэрыкІыну» литературэ зэпеуэр, «Лъэпкъ, тхыдэ, псэкупсэ гъэсэныгъэхэм литературэм щиубыд ушыпІэр» проектыр. А Іуэхугъуэхэм я жэрдэмщІакІуэр «Тхылъ фІыуэ зыльагъуэм я республикэ зэгухьэныгъэращ» (унафэщіыр Шинкарёвэ Натальещ). Ахэр дАІыгъащ КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ.

ИЛЪЭСЫМ и пэщІэдзэм траухауэ щыта а Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІыфащ, коронавирус уз зэрыщІалэр ди щІыпІэм къэмыс щІыкІэ. Абыхэм къаригъэкІхэм хэлъхьжыну хунэсами, зэпеуэхэм хэтахэр ягъэпэжэну иджыщ Іэмал къыщыкъуэкІар. Нашлык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм илъэси 10 лъандэрэ Іэтауэ щыІэзэхашэу щыта гуфІэгъуэ зэІущІэр мы махуэхэм къыщыщэрагъэпэщащ къалащхьэм и курыт школ №27-м и актовэ пэшым.

Кхъухьлъатэ зыщІэхэр Нарткъалэ зэхуешэс

«РИА-Новости» хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм щыгъуазэ дызэрищІыкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым жэпуэгъуэм и 7-м къыщыщІэдзауэ махуищкІэ щекІуэкІащ Авиамодельнэ спортымкІэ урысейпсо чемпионат.

КЪЭРАЛЫМ и лъэныкъуэ псомкІи къэкІа спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэу 140-рэ къызэрагъэблагъа мы зэхьэзэхуэ гъэщІэгъуэныр щызэхашэр Нарткъалэщ. Утыку кърахьапхъэр планеркІэ зэджэ, двигатель зимыІэ кхъухьлъатэхэрт. Зэпеуэм хэтыну дэтхэнэ зыми ешьм и кхъухьлъатэр къигупсыс, зэпкърилъхьэу, зэрыхъукІэ нэхъ Іэкіуэльакіуэу игъэлъэтэну и кхалэнт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкІи, Нарткъалэ хуэдэ кхалэ цІыкІум дежкІи пщІэшхэщ апхуэдизу цІыху зыхэт зэпеуэ щхьэпэ ирагъэкІуэкІыну Іэмал зэрагъуэтар. Мы чемпионатым кхьыжьанымкІахэр 2021 гъэм Франджым щызэхашэну дунейпсо зэхьэзэхуэм ягъэкІуэнуц. Текіуэныгъэр зыльтыкІсынур, зэрыжьІтащи, - Мыгъэрей зэхьэзэхуэхэр тедухуат 2020 илъэсым зи юбилейхэр хиубыдэ лъэпкъ усакІуэхэу КІуащ Бетіал, Іутіыж Борис, Гуртуев Берт, Кулиев Хьэжмусэ, - жиІащ Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пашэ Шинкарёвэ Наталье. - Зэпеуэхэм ныжьыщІэ куэд хэтащ, ди гуапэ зэрыхъунщи.

Зэпеуэр унэтІыныгъитІу зэщхьэщыхуэу къызэрагъэпэщат. «Художественнэ псалъэ» Іыхьэм сабийхэр усакІуэхэм я къалэмыпэм къыпыкІа тхыгъэхэм кьеджащ. «Литературэ зэддзэкІныгъэм» дихьэх еджакІуэхэр а лэжьыгъэ хьэлэмэтым я зэфІэкІым щеплъыжащ. Ныбжьыщіэхэм зэпеуэм хуагъэхьэзыра лэжьыгъэм хэплъэжа къэпщытакІуэ гупым абыхэм къахихыфащ фІым я фІыж лэжьыгъэхэр. Ахэр куэд хъурт, ауэ дэтхэнэри гулъытэ зыхуэщІыпхъэт.

Зи лэжьыгъэхэр нэхъыфІу къалъыта ныбжьыщІэхэм хуагъэфэща щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту щратыжащ курыт школым. Пшыхьыр игъэдхащ Іуэхум къыхуэзрагъэпэща концертым.

ТАМБИЙ Линэ.

● Щіалэгъуэ

Тхылъыр Іункіыбзэіух телъыджэщ

Ныбжьыщіэхэр тхылъ еджэным дегъэхьэхьным хуэунэтІа «Еджэным еІлаІэр и лъэпкъым и къэкІуэным иропІейтей» программэм ипкъ итКІэ, хабзэ хъуауэ, ди щІыналъэм гъэ къэс къыщІэзэрагъэпэщ «Ди псалъэм къыпэрыкІыну» литературэ зэпеуэр, «Лъэпкъ, тхыдэ, псэкупсэ гъэсэныгъэхэм литературэм щиубыд ушыпІэр» проектыр. А Іуэхугъуэхэм я жэрдэмщІакІуэр «Тхылъ фІыуэ зыльагъуэм я республикэ зэгухьэныгъэращ» (унафэщіыр Шинкарёвэ Натальещ). Ахэр дАІыгъащ КЪБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэмрэ.

ИЛЪЭСЫМ и пэщІэдзэм траухауэ щыта а Іуэхугъуэхэр ирагъэкІуэкІыфащ, коронавирус уз зэрыщІалэр ди щІыпІэм къэмыс щІыкІэ. Абыхэм къаригъэкІхэм хэлъхьжыну хунэсами, зэпеуэхэм хэтахэр ягъэпэжэну иджыщ Іэмал къыщыкъуэкІар. Нашлык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм илъэси 10 лъандэрэ Іэтауэ щыІэзэхашэу щыта гуфІэгъуэ зэІущІэр мы махуэхэм къыщыщэрагъэпэщащ къалащхьэм и курыт школ №27-м и актовэ пэшым.

ТАМБИЙ Линэ.

● Ди махуэгъэпс

Я зэфІэкІым нэхъри хагъахъуэ

Жэпуэгъуэм и 11-р Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь промышленностымрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президентым и Унафэкіэ ягъэувауэ, ар 1999 гъэ лъандэрэ ягъэпэлъэ. Ди гъавэгъэкІэхэм, Іэщіыхуэхэм, мэкъумэш-промышленнэ комплексым и адрей Іэнатіэхэм пэрытхэм яхуэзфІэкІаужи пэублэу дриплъэжмэ, мы гъэри дэгъуэу къайхъулІауэ жыпІэ хъунущ. Хозяйствэхэм къэкІыгъэ пасэхэмрэ хьэцэпэцэмрэ и чэзум кІэрыхуэншэу щыІуахьижащ, кърахьэлІэжар хъумапІэхэм щІагъэззагъэ, абы кьыдэкІуэуи етІуанэ хэгъуэм йоужьэрэкІ.

2014 - 2020 гъэхэм тегъэпса Къэрал программэр, мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьным, мэкъумэшхэкІхэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэкІэлъыгъэкІуэным тещІыхьар, зэгъэхъулІэным Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщІэхэми я зэфІэкІ ирахьалІэ. Іэнатіэхэр егъэфІэкІуэным, кьыдэгъэхуэным тещІыхьа иджырей технологиехэр къэгъэсэбэпыным, ерыскъыпхъэхэр, я кьабзагькІэ нэгъуэщІхэм ящхьэпрыкІыжхэр, гъэхьэзырыным, я лІэужьыгъуэхэм хэгъэхъуэным, щэхуэкІуэкІэ кьыдэкъэхьыным йогугъу. Республикэм и мэкъумэш хозяйствэм папщІэ зэхалъхьауэ щыта инвестицэ проект инхэр хуэгъэпсащ пхъэщхьэмыщхэ, хадзэхІ хъумапІэхэр, иджырей мардэхэм тещІыхьахэр, ухуэным, жэм гъэшІэфІэхэр, лыфІ зыщІ Іэщіэвыщіэхэр зехьэным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэхІэмрэ гъэкІыныкІэ и зэфІэкІыр уэзгъэгугъуэщ. Абы и щапхъэщ, республикэм гектар мин 18-м щІигъум илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэ жыгхэм зэрызыщрагъэубгъуарри, абыхэм я зэхуэдитІым фІэкІыр псынщІэу хэхъуэ, щІэгъэхуэбжьауэ зызыужь лъэпкъыгъуэу зэрыщытри. Ауэ щыхьэукІи, ди гъавэгъэкІэм мы гъэми къагъэлъэгъуащ зыбгъэдэт Іэнатіэм и мыхьэнэр нэгъэсауэ зэрызыхащІар, лэжьыгъэм кьыпэкІуэну зыщыгугъымкІэ жэуапТакІуэ нэсу зэрыщытыр. АбыкІэ щыхьэтщ хьэщэпэщэу къагъэкІар кІэрыхуншэу зэрыІуахьжари.

Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм щызэхэт «Албир» мэкъумэш предприятэр Іэнатіэ куэдым йолэжь: гъавэ ещІэ, жыг хадэ зэрехьэ, Іэщіэ джэдкъазрэ егъэхъу. Жылапхъэ хэпльыхьахэр къэгъэкІыным тегушхуа хозяйствэхэри ди республикэм щымащІэкъым. Абы и лъэныкъуэкІэ щапхъэщ Прохладнэ щІыналъэм щыІэ «Отбор», Тэрч районым и «Астек-Агро» инновацэ-производственнэ агрофирмэхэр. Ягъэрейм илъэс 10щІым щІигъуауэ нартыху гибридыщІэхэр, жылапхъэхэр, къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр егупъуу къеГэжІ. Абдежьр зи кьежьапІэ нартыху жылапхъэмрэ гуэдзымрэ ди республикэм ильэс куэд хуауэ ящыщІэсэбэп. Уеблэмэ, мы Іэнатіэм Урысейм и щІыпІэ куэдми нартыху гибрид жылапхъэхэр ирегъашэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэмахуэ хъупІэхэр зи хэщІапІэ Іэщым я бжыгъэми хэпщІыкІыу хэхъащ. Къатщтэмэ, гъэ кІуам бгыльэ щыІпІэхэм щалыгъа Іэщіышхуэм я бжыгъэр мин 27-м щхьэдэхамэ, мы гъэм ар мин 35-м нысэрыхьэсащ. Іэщ цІыкІум я бжыгъэр нэгъабэ мин 78-м зытІэкІыкІэ фІэкІыу щытауэ арамэ мы гъэм ахэр мин 90-м щхьэдэхащ. Шыхэм 300-400 хуэдизкІэ кьахэхъуащ. Ешь Іэщіыхуэхэри, гъэ кІуам елъытауэ, цІыхуи 100 - 150-рэ хуэдизкІэ нэхъыбащ.

Кьриэзщіэтхъуэжу кьыхэдгъэщынщи, гъавэу, гъэщІу, лыуэ, пхъэщхьэмыщхьэрэ хадзэхІэмрэ къыщалъэжьым хэгъэхъуэным, Іэнатіэхэр щегъэфІэкІуэным, иджырей кьыдэзыгъэхуэ технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным, ахэр я лъабжьэу адрей-хэм япэхьу, уеблэмэ, ефІэкІ ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным, я лІэужьыгъуэхэм хэгъэхъуэным, щэхуакІуэхэр кьыдэхьэхьым, арэзы щыным гулъытэ хэха ди республикэм щыхуащІ.

Ди деж щрагъахьуэ нарзаныпсэр, псыІэфІэр, пхъэщхьэмыщхьэпсэр, консерв, ерыскъы промышленностым щагъэхьэзыр фІэІугъэхэмрэ гъэшхэкІхэмрэ Европэми Урысейми щызекІуэ пщалъэхэм зымащІэкІи къакІэрыхуркъым. Абы и щыхьэтщ Москва кьалэ дыгъуасэ щызэхуащІыжа «Бжьыхьэ дыщафэ-2020» 22-нэ Урысей агропромышленнэ выставкэм ди лІыкІуэхэм щагъэлъэгъуа продукцэм яхуэфащэ щІэупщІэ зэраІари.

Ауэ щыхьэукІи, зэрыгушхэн ехъулІэныгъэ яІэу ди мэкъумэшыщІэхэр я махуэм ирихьэлІащи, я зэфІэкІым нэхъри хагъахьэну ди гуапэщ.

КЪУМАХУЭ Асльэн.

● Пшыхьхэр

«Черкесский альбом»-р утыку кърахьэ

Санкт-Петербург и «Таврический» къэрал симфоние оркестым иджыблагъэ концерт ин щитащ Налшык и Театр ЩхъуантІэм.

ІУЭРЫІУАТЭМ кьыхьІыкІа макъамэхэр щызэхуэхьэсауэ абыхэм утыку кьрахьа «Черкесский альбом» зыфІащэ программэр хуабжьу гъэшІэгъуэн хъуат. Абы щагъэІуащ композитор цІэрыІуэхэу Мосолов Александр, Рязов Сергей, Шейблер Трувор, ХьэІупэ Джабрэ Іал, Къэбэрдокъуэ Мурат сымэ я Іэдакъэщ ІэкІ кьыхэхахэр.

«Таврический» гупыр нобэкІэ нэхъ цІэрыІуэхэм, фІыуэ яІагъуэхэм ящыщІ. Кьыжьыпхъэщ, оркестым и репертуарым Іуэрыуатэр зи лъабжьэ макъамэхэм увыпІэ щхьэхуэ зэрыщаубыдыр. Оркестым и художественнэ унафэщІ Голиков Михаил дызэрыщІигъэгъуэзамкІэ, «Симфония Кавказа» щэнхабзэ Іуэху дахэм хэта иужькІэщ абы пасэрей адыгэ макъамэхэр фІыуэ щилъэгъуар.

Театр ЩхъуантІэм щекІуэкІа концерт дахэм хэтащ КЪБР-м и цІыхубэ артист Къэбэрдокъуэ Мурат. Зэхьэхьэм хьэщІэ лъапІэу кърагъэблэгъат уэрэд жыІэныкІэ «Голос» Урысейпсо зэпеуэм щытекІуа Бэрбэч Аскэр. Абы и гъэзэщІащ поп-рок жанрым иуэрэдхэр, симфоние оркестым игуэсэуи уэрэд зыбжанэ жиІащ.

«Таврический» къэрал симфоние оркестрым Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм концертхэр щитыну къэкІуащ. Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ пшыхь щырыщ къыщызэрагъэпэщащ. Къэблагъэ зэманым адрей республикэхэри классикэ макъамэм и Іутіыж дунейм хагъэсыхьыну я мурадщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 10, *щэбэт*

♦**Психикэ узынашагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Бзу лъэтэжхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ЦІыхум и судыр укІкІэ ящІэу мыдэным и европэпсо махуэщ**

♦**Армением щагъэлъапІэ зэдзэкІакІуэм и махуэр**

♦**1918 гъэм** Урысейм кьыщащтащ пэжырытхэм и хабзэщІэхэр.

♦**1932 гъэм** ДнепроГЭС-р лажьэу яутІыпщащ.

♦**1933 гъэм** дунейм щыяпэу США-м и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ зэрыжьыщІэ порошок.

♦**1941 гъэм** Жуков Георгий Кьухьэпі э фронтым и унафэщІ ягъэуващ.

♦**1943 гъэм** Хмельницкий Богдан и орденыр кьащтащ.

♦**1963 гъэм** ядернэ Іэщіэр узгуми, хьэршми, псы щІагъми щагъэунэхуу яхуэмыдэным теухуа зэгурыІуэныгъэм кьару игъэтащ. Абы япэщыкІэ Іэ щІадзащ СССР-м, США-м, Инджылызым, иужькІэ мазитІым дэтхэнэри гульытэ зыхуэщІыпхъэт.

Зи лэжьыгъэхэр нэхъыфІу кьалъыта ныбжьыщІэхэм хуагъэфэща щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту щратыжащ курыт школым. Пшыхьыр игъэдхащ Іуэхум къыхуэзрагъэпэща концертым.

ТАМБИЙ Линэ.

Жэпуэгъуэм и 10, *щэбэт*

♦**Психикэ узынашагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Бзу лъэтэжхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ЦІыхум и судыр укІкІэ ящІэу мыдэным и европэпсо махуэщ**

♦**Армением щагъэлъапІэ зэдзэкІакІуэм и махуэр**

♦**1918 гъэм** Урысейм кьыщащтащ пэжырытхэм и хабзэщІэхэр.

♦**1932 гъэм** ДнепроГЭС-р лажьэу яутІыпщащ.

♦**1933 гъэм** дунейм щыяпэу США-м и тыкуэнхэм къыщІалъхьащ зэрыжьыщІэ порошок.

♦**1941 гъэм** Жуков Георгий Кьухьэпі э фронтым и унафэщІ ягъэуващ.

♦**1943 гъэм** Хмельницкий Богдан и орденыр кьащтащ.

♦**1963 гъэм** ядернэ Іэщіэр узгуми, хьэршми, псы щІагъми щагъэунэхуу яхуэмыдэным теухуа зэгурыІуэныгъэм кьару игъэтащ. Абы япэщыкІэ Іэ щІадзащ СССР-м, США-м, Инджылызым, иужькІэ мазитІым дэтхэнэри гульытэ зыхуэщІыпхъэт.

Зи лэжьыгъэхэр нэхъыфІу кьалъыта ныбжьыщІэхэм хуагъэфэща щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту щратыжащ курыт школым. Пшыхьыр игъэдхащ Іуэхум къыхуэзрагъэпэща концертым.

♦**Къэрэшей-Шэрджэсым и щІыхьэ тхакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхь зиІэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа Дзбагъуэ Мухьэмэд** къызэрыІуахырэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Урэрдус, КЪБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щомахуэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, КЪШР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шорэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн ФатІимэ** къыщІалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градусы 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 11, *тхьэмахуэ*

♦**Хъыджэбз цІыкІухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**ЦІыхум лы лей зытрилъхьэным ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапІэ Мэкъумэш хозяйствэмрэ мэкъэшэжьхэм елэжь промышленностым и лэжьакІуэхэмрэ я махуэр**

♦**Башкортостан Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

♦**Белоруссием щагъэлъапІэ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэр**

♦**Абхъазым Іэщ ІкІэ зэщІэуэзда я къарухэм я махуэщ**

♦**1138 гъэм** Алеппэ щыр щыхьэсащ. Апхуэдизкіэ лъэщу щІыр иутхыпщІати, ар цІыхухэм ягъэгъуэ къэхъукІащІэ нэхъ шынагъуэу ящІэхэм хабжащ. Абы щыгъуэ цІыху мин 230-м щІигъу хэкІуэдауэ щытащ.

♦**1552 гъэм** Грозный Иван и дзэхэм Къэзан кьалэр къащтащ, апхуэдизу щыкІэкІи Къэзан хьанигъуэр Урысей сэйм кьыхаГэхьащ.

♦**1653 гъэм** Москва унафэ кьыщащтащ Украинэр Урысей пащтыкІэгъуэм кьыхэГэхьэным теухуауэ.

♦**1783 гъэм** Екатеринэ ЕтІуанэм и унафэкІэ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиер кьызэрагъэпэщащ. Абы и президенту ягъэуват **Дашковэ Екатеринэ.**

♦**1881 гъэм** Америкэм щыщ Хьюстон Дэвид суэттехьм ираІухьэ пленкэр кьызэригупсысам щыхьэт техьуэ патент ираташ.

♦**1887 гъэм** Америкэм щыщ къэхутакІуэ Эдисон Томас хэхьныгъэхэм Іэуэ щаІэтар кьызэрабж, электрокъарукІэ лажьэ аппарат кьигупсысащ.

♦**1931 гъэм** СССР-м къыщащтащ цІыхум езым еймкІэ сату ищІыну хуит зымыщІ унафэ.

♦**1936 гъэм** Уралым (Тагил Ищхьэрэ кьалэм) вагон щащІ завод кьыщызэрагъэпэщащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм ар щытащ советыдзэм и Іэщэ лъэщ танкхэр кьыщыщІагъэкІ Іуэхущ Іапі эшхуэм.

♦**1941 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ тедзапІэм кьыдигъэкІащ республикэм и усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіхэр зэрыт «Іэщэр кьафщтэ» тхылъыр.

♦**1961 гъэм** Совет Союзым Семипалатинск щІэ полигоным и щІы щІагъым япэу щагъэунэхуащ абы кьыщагъэуа ядернэ бомбэм и кьарур.

♦**1991 гъэм** Урысейм сомым и пщІэр долларым елъытауэ хуабжьу щехуэхащ (тхыдэм «губж фІыцІэ» цІэр иІэу хьыхьа махуэщ).

♦Нэмыцэ щІэныгъэлІ, зыплъыхьакІуэ, бзэ кІэуэ зыщІэу щыта, адыгэхэм я псэукІэм мызэ-мытІэу тетхыхьа **Клапрот Юлиус** къызэралъхурэ илъэс 237-рэ ирокъу.

♦Полицэм и генерал-майор, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Кумыщ Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, теленэтынкэр езыгъэкІуэкІ, УФ-м и цІыхубэ артист **Верник Игорь** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

♦Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылымэнхэм я дин Іуэхущ Іапі эм и унафэщІу 2004 - 2010 гъэхэм лэжьа **Пщы-хьэщІэ Іэнас** къызэралъхурэ илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, Олимп чемпионкэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Бережная Еленэ** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градусы 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 12, *блыщхьэ*

♦**Къупщхьэ узым ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦**Испаньбзэм и махуэщ**

♦**Армением тутын емыфэным и махуэу щагъэуващ**

♦**Бразилием щагъэлъапІэ сабийхэм я махуэр**

♦**УФ-м и МВД-м и медицинэ Іуэхущ Іапі эхэм я махуэщ**. 1921 гъэм РСФСР-м и НКВД-м и управленэ нэхъыщхьэм унафэ кьыдигъэкІащ милицэм кьулыкъу щыщІэхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъэуэтын Іуэхущ Іапі эхэр кьызэІухыным теухуауэ.

♦Ди эрэм ипэкІэ 782 гъэм Ереван кьалэм (иджы ар Армением и щыхьэрщ) и лъабжьэр яГэтІыльащ.

♦**1492 гъэм** Колумб Христофор Сан-Сальвадор хьтІыгур къигуэтащ. Америкэр зэрыщІэр кьихутауэ кьыщІалъытэри арац икІи США-м ар Колумб и махуэу щагъэпэлъэ.

♦**1775 гъэм** США-м и дзэ-тенджызэ флотыр кьызэрагъэпэщащ.

♦**1822 гъэм** Бразилием щхьэхуитыныгъэ игъуэтащ - ар Португалием кьыхэкІащ.

♦**1897 гъэм** Урысейм щыяпэу футболымкІэ зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ.

♦**1901 гъэм** Рузвельт Теодор США-м и президентым и хэщІапІэм Ун хужь фІищащ.

♦**1924 гъэм** Украинэм хьыхьэу Молдавие АССР-р кьызэрагъэпэщащ.

♦**1944 гъэм** Альджьим и кьалащхьэ Афины нэмыщІ зэрыпхъуакІуэхэм кьыІэщІагъэкІыжащ.

♦**1957 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьызэІуахащ. Абы и япэ ректору ягъэуват Бэрбэч Хьэтіутіэ. Иджы абы и цІэр а еджапІэ нэхъыщхьэм зэрехьэ.

♦**1960 гъэм** КПСС-м и ЦК-м и Ябэ Секретарь Хрущёв Никитэ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и 15-нэ зэхуэсым кьыщыпсэльащ.

♦**1968 гъэм** Мексикэм и кьалащхьэ Мехикэ кьыщызэІуахащ XIX Гъэмахуэ Олимп Джэгуэр. Зэпеуэхэр жэпуэгъуэм и 12 - 27-хэм екІуэкІащ.

♦**1999 гъэм** Босниемрэ Герцеговинэмрэ я кьалащхьэ Сараевэ дунейм кьыщыстехьа щІалэ цІыкІум Щ Щым цІыхуу щыпсэуэм я бжыгъэр мелардих иригъэкІуауэ кьалытауэ щытащ.

♦Совет актёр, кинорежиссёр, сценарийхэр зытхыу щыта, СССР-м и цІыхубэ артист **Быков Ролан** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ оперэ уэрэджьыкІуэ цІэрыІуэ **Паваротти Лучанэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Совет актёр, Урысейм и цІыхубэ артист **Васильев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору, ЩІДАА-м и академикыу щыта **Быж Алий** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м, Ингушым, Осетие Ипщэм щыхь зиІэ я артистхэ **Кърым Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэрал кьулыкъущІэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэу, финансхэмкІэ министру щыта, УФ-м и Къэзыбж палатэм и унафэщІ **Кудрин Алексей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Урысей уэрэджьыкІуэ, Дагъыстэнымрэ УФ-мрэ щІыхь зиІэ я артисткэ **Жасмин (Шор Сарэ)** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градусы 9 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

КъуэфІми къуэ бзаджэми адэ щІэин ухуэмылъыхъуэ.

Къэбэрдей литературэм и жьантIэдэс

● ДифI догъэлъапIэ

УсакIуэ, журналист Iэзэ, КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф Мысост и къуэм и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф Мысост и къуэр Щхьэлыкъуэ къуажэм 1935 гъэм жэпуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ.

1955 гъэм къуажэ школыр къиуха нэужь Кашиф щIэтIысхьащ Горький Максим и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтым. Ар къиуха нэужь Къэбэрдей-Балъкъэр телестудием, «Ленин гъэзу» (иджы «Адыгэ псалъэ») газетым щылэжьащ. 1970 гъэм щегъэжьауэ 2013 гъэ пщIондэ щыIащ «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэм - абы и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэм и къалэнхэр игъэзащIэу.

Елгъэрым и усэхэр дунейм къыщытехьар 1955 гъэрщ. И япэ тхылъыр, «Дыгъэр къыщыщIэкIым» зыфIищар, 1958 гъэм къыдэкIащ. Абы лъандэрэ Налшыки Москваи къыщыдэкIащ и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 30-м щигъу. Абыхэм ящыщ «Гъэзугъэ щхьиблыр щызэхэкIым», «ЩIэдзапIэ», «ГугъапIэ», «Псыгуэх», «ПщэдджьжьхьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгъыхэм я жьауэ», «ЩIым и набдзэ», «Лъэужьхэр», «Гъэзуганэ кIыхь», «Си псэм и щIасэу си лъэпкъ машIэ», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхылъхэр, нэгъэщIхэри. 1988 гъэм дунейм кьытехьащ Елгъэр Кашиф и «ЩыуагъэI» романыр.

Елгъэрыр зэдзэкIын Іуэхуми хуэIэкIуэлъакIуэщ. Абы адыгэбзэм кьригъэзэгъащ нэгъэщII лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Іэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэ куэд. Литературэ тхыгъэхэм нэмыщI, КъурIэн лъапIэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэм, и ІуэхущIафэхэм ятеуха тхылъымрэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ.

Елгъэрым и усыгъэ куэд нэгъэщII лъэпкъхэм я бзэкIи кьыдэкIащ. Ди литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ Елгъэр Кашиф кьыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр. «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр кьратащ.

Куэдым укъыхуагъэуш

ГЪАЩIЭМ и гугъуехьэр зыгъэв, зи фэм Іэджэ дэкI, зи гум нэхъыбэж дэхуа цIыкIым и дуней Іыхьэмрэ и гъащIэ Іэнатlэмрэ - аращ Кашиф и тхыгъэхэм я нэхъыбапIэм я купщIэр. Зи фэм куэд дзэзыгъэха, зи псэр дахэ, сыт и лъэныкъуэкIи узытхьэкъу цIыху цIыкIым и дунеймрэ и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ къэгъэльэгъуэным егъэлеяуэ хуэшэрыуэщ Кашиф и кьаралмэыр. Ди литературэр кьалщIэмэ, Кашиф абыкIэ пэхъунрэ зырызыххащ, а зырызми щапхъэ зытрах, гъуазэ яхузхьу тхакIущ Кашиф. Апхуэдзущ ар псоми зэрытцIыхур - тхакIуэхэми щIэджыкIакIуэхэми: и тхыгъэхэмкIи, и цIыхугъэкIи, и дуней тетыкIэкIи ди щапхъэщ, ди шу пашэщ.

Тхыгъэ мащIэ кьыщIэкIакъым Кашиф и Іэдакъэм - уси, расскази, повести, романи. Абыхэм ящыщ зыи лъэужьыншэ хьуакъым, ди литературэр зыгъэбжьыфIэ, абы лъэбакъуэщIэ езыгъэча, и пщIэр лъагэ зыдэхъуэ тхыгъэ купщIафIэщ ахэр, зэман зэрыхьэзрийм къелауэ, куэдым укъыхуагъэушрэ уи гупсысэр зэхэзехуэн ящыфу. Уи тхыгъэр апхуэдэ кьаурэ гуащIэкIэ умыуэздыфынумэ, кьалэм кьыщIэпщтэн щыIэкъым. ТхакIуэм и пщэ апхуэдэ кьалэн кьызэрыдзхуэр кууэ зыхэзыщIэхэм ящыщщ Елгъэрыр. ГъащIэм и уэрыпIэ дыдэм кьыщыщимыгъэльауэ зы псальэмакъи кьиIэтыркъым Кашиф - ар иреусэ и ирерассказ. Аращ, дауи, тхакIуэм и Іэдакъэ кьыщIэкI тхыгъэр псэ быдэ, гукъинэж щIэхъур, абы цIыхур щIитхьэкъур.

ТхакIуэм и гупсысэр цIыхум Іупщ щыхъун щхьэкIэ, псалъэм мыхьэнэуэ иIэм щыгъуазэщ псорИ. Уи псальэр мыжанмэ, гупсысэм я нэхъ куури фагъуэ пфIэхъунурэ цIыхум уэзхищIыкIынукъым. Адыгэбзэр зэрыкъулейр, гупсысэм я нэхъ куур кьызэрыпIуэтэфынур нэрылъагъу тщищIащ Кашиф - псалъэ жанкIэ, гущIэлъапсэм нэIус адыгэбзэ гъэхуакIэ. Аркъудейри ирикъунщ Кашиф ди литературэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэр зэрыниыр кьыбгурыIуэн папщIэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид,
тхакIуэ

Апхуэдэщ ди нэхъыжьыфIыр

ЕЛГЪЭР Кашиф и усэ «Лу ешыдыгум икIуэдащ» зыфIищар, сыщымыуэмэ, япэу дунейм кьытехьа и тхыгъэщ. Лажьыгъэр зищIысыр псалъэ къудейкIэ мыхъуу, зи фэкIэ зыхэзыщIа, гъащIэм и гупэри и шындэбзийри фIыуэ зыщIэ щIалэм и тхыгъэр кьыззрытраздзэхэу жылэ псом щызэлъащIысат, ягу иримыхьын, лжьыгъэм зыщIезыгъэх гуэр ялъагъумэ, «колхоз-молхоз не ходи, только пщафIэ и сиди» жаIэу. Мыр Кашиф и Іэдакъэщ!экI нэхъыфI дыдэхэм ящымыщми, цIыхур и гуащIэ щымыгъуэ, псалъэ щIэдзапIэ, «ГугъапIэ», «Псыгуэх», «ПщэдджьжьхьэщIэ», «Ухеймэ, улъэщщ», «Бгъыхэм я жьауэ», «�щIым и набдзэ», «Лъэужьхэр», «Гъэзуганэ кIыхь», «Си псэм и щIасэу си лъэпкъ машIэ», «Песня у водопада», «В долине нарзанов», «Ночное солнце» тхылъхэр, нэгъэщIхэри. 1988 гъэм дунейм кьытехьащ Елгъэр Кашиф и «ЩыуагъэI» романыр.

Елгъэрыр зэдзэкIын Іуэхуми хуэIэкIуэлъакIуэщ. Абы адыгэбзэм кьригъэзэгъащ нэгъэщII лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэхэм, усакIуэхэм я Іэдакъэ кьыщIэкIа тхыгъэ куэд. Литературэ тхыгъэхэм нэмыщI, КъурIэн лъапIэмрэ Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэм, и ІуэхущIафэхэм ятеуха тхылъымрэ адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ.

Елгъэрым и усыгъэ куэд нэгъэщII лъэпкъхэм я бзэкIи кьыдэкIащ. Ди литературэм, журналистикэм, щэнхабзэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ Елгъэр Кашиф кьыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр. «Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» орденыр, медалхэр, щIыхь тхылъхэр кьратащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр Елгъэр Кашиф къызэрыфIащам щыхьэт техъуэ дамыгъэр къыщритыжа махуэм. *2013 гъэ*

Налшык къеблэгъа киноактрисэ цIэрыIуэ Кириенкэ Зинаидэ *(сэмэгумкIэ ещанэр)*, **Мыд Хьэжмусэ, Елгъэр Кашиф, балъкъэр усакIуэ Макитов Сэфар, радиожурналист АфIэунэ Рае, тележурналист Хъуэжэ Хьэзрэт, усакIуэ Щоджэн Хьэбас сымэ**. *1961 гъэ*

Нэхъыщхьэм гъунэгъу зыхуэщIын

ЛЪЭПКЪ усыгъэм, гъуазджэм игъащIэми «къихутэ» Іуэхугъуэхэм - гъащIэм, лъагъуныгъэм, ажалым, лIыгъэм - ятеуха тхыгъэхэр ебэкI хьущ. Иджы абы кьыхохьэ гъащIэм и кьежьапIэм, дызыпIа щIым и кьару мыкIуэщIыжым, дунеишхуэм ятеухуахэр. ГъащIэ мытыншри, фIы зыщIэм ехъуэпсэнри, Іуэху цIыкIуфэкIухэм кьыхэкIауэ нэхъыщIэхэм пэгъунэгъу зыхуэщIынри - а псори ди лъэпкъ усыгъэм хэльщ, ар зэпIэзэрыт, Іущыгъэр зэбгэкI хъуну, и дамэр нэхри жыну ущегъэгугъ. А дамэм щIэтхэм ящыщ зыщ Елгъэр Кашиф.

СОКЪУР Мусэрбий,
критик.
1985 гъэ

Къаруущ!эу къыхохьэ

ЩIЫР кьызэпхъзыуда псынэр зэуэ жабзэркъым. Пшахъуэри, ятIэри, кIэрыкъубжьэрыхури здэхь, лъэпощхьэпохэр кьызэринэкIыу псышхуэм зэрыхэлъэдэну лъагъуэр хишыху. Абы ещхьыц Елгъэр Кашиф и усэхэр: абыхэм хэкIащ гъуабжафэ кьытезыгъауэу, зыгуэрхэм зэрыдежьууэ хэльар. Кашиф и тхыгъэхэр кьаруущIэу кьыхохьэ адыгэ усыгъэм. Ар сытым темытхыхьми, и гулъытэм щIэмыкIыр цIыхурщ - гъащIэр зыухэрщ, фIым хуэлажьэрщ.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Іэдэм.
1985 гъэ

Усыгъэ нэсым и нэщэнэ

ПРИШВИН зэгуэр жиIэгъащ: «Псори усакIуэу кьалъху, ауэ апхуэдэ хъур мащIэщ. Куэдым яхузэфIэкIыркъым шымыгъасэм ибг зрадзу ягъэсэну». Елгъэр Кашиф хуэзэфIэкIащ адыгэш Іэлыр игъэIэсэн. Абы и псалъэм и купщIэр кIуэ пэтми нэхъ куу мэхъу, усыгъэ нэсым и нэщэнэу, гъащIэщхуэ зэрапIэнур нэрылъагъущ.

ПОПЕРЕЧНЫЙ Анатолий.
2000 гъэ

ЦIыхугъэрэ гуапагъэрэ ядыболъагъу

ТХАКIУЭР зытетхыхь лIыхъужьым езыри ещхьу жаIэ. Пэж хэлъщ абы. Сыт хуэдиз цIыхугъэ, гуапагъэ ядэплъагъуэрэ Кашиф и лIыхъужьхэм. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Лъэужьхэр» зыфIища повестыр. Абы укъеджэу тхылъыр бгъэтIылъыжа нэужь, уэзгупсысыр зыщ: сыту фIы мы дунейм апхуэ- дэ цIыхухэр зэрыте- тыр.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ,
Къ БР-м и цIыхубэ тхакIуэ.
1995 гъэ

ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым

ЕЛГЪЭР Кашиф къэбэрдей литературэм зи цIэр щыIуа цIыхущ. Ар усакIущ, прозэрытхущ, зэдзэкIакIуэщ.

1955 гъэм, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Литературнэ институтым щIэсу, къытрадзэн щIадзауэ щытащ абы и япэ усэхэр. 1960 гъэм адэжь щIынальэм къэкIуэжу лэжьэн зэрыщIидзэрэ, Кашиф и кьарури, и гуащIэри трегъэкIуадэ псэуныгъэм и мыхьэнэр, цIыхум гъащIэм щиубыд увыпIэр, абы и зэфIэкIыр кьихутэным. И къалэмым кьыщIэкI тхыгъэхэмкIэ ар цIыхухэм ядогушэ. Езыр зыхэпсэукIа зэманыр тынш дыдэу зэрыщымытар кьигъэльэгъуэным, цIыхупсэми цIыхубэ гъащIэми щекIуэкI зэхъуэкIныгъэхэм бгъэдыхьэкIэ узыншэ зэрыхуейм гулъытэр хуиунэтIыным елIаIэ зэпытущ Елгъэрыр зэрытхэр. Ар уи фIэщ ящI и Іэдакъэщ!экIхэм яхуищIа псалъащхьэмэ: «ЩIэдзапIэ» (1964), «Сабиигъуэм и дыгъэ» (1966), «Мэз бгъуэщIым» (1969), «Подумаешь, дождь» (1969), «Пщэдджьжь хьэщIэ» (1973), «ЩыуагъэI» (1988), «Лъагъуныгъэм и бзэ» (1999), къинэмыщIхэр. Тхылъ 30-м щигъу кьыщIэкIащ къэбэрдей-шэрджэс тхыбзэм хуэIэзэ нэхъыжьыфIым и кьалэмыпэм.

Бегъымбар лъапIэм и псалъэр цIыхубэм я деж нихьэсын папщIэ, Кашиф 1996 гъэм КъурIэн лъапIэр анэдэльхубзэкIэ зэридзэкIащ. Абы ипэжкIэ, 1993 гъэм, абы адыгэбзэм кьригъэзэгъащ Пановэ Верэрэ Вахтин Юрийрэ ятха «Мухьэмэд бегъымбарым и гъащIэр» тхылъыр.

Дызэрыт ильэсым Елгъэр Кашиф и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу, ауэ гъэ блэкIахэм тхакIуэ Іэзэм и кьалэмыпэр нэхъ жан ящIа фIэкIа, ягъэбгъунльакъым. Абы кьыхэхъуащ ныбжьым кьыздихь Іущыгъэр, щIэныгъэр, Іэзэгъэр.

Илъэс блэкIам ди тедзапIэм кьыщыдзэкIащ «Си псэм и щIасэу си лъэпкъ машIэ» («Мой малый род, любезный сердцу») тхылъыр. Ар урысыбзэкIэ зэридзэкIащ Мэремкъул Ларисэ. ЗыкIэ кууэу, гугъэзагъэу, гунэсу тетхыхьащ Кашиф кьызыхэкIа лъэпкъми, щхьэхуимыту уетхьэкъу и хьыбар кьэIуэтэкIэм.

Котляровхэ ди тедзапIэм иджыблагъэ аргуэру кьыщыдзэкIащ къэбэрдей литературэм и жьантIэдэс Елгъэр Кашиф и лэжьыгъэщIэ: «Си гъэзуганэхэр, е ЗекIуэ и вакъэ лажьэркъым». Тхылъым фIища цIэм адыгэ псалъэжь цIэрыIуэр лъабжьэ хуэхъуащ. Гъэзу теувам Іэнэщ!у, къуентхьыншэу кьиззэримыгъэзэжыщ абы и мыхьэнэр. Илъэс блищым щIигъуащ Елгъэр Кашиф журналистикэм зэрыхэтрэ. Гъэзуганэ куэд тетащ, цIыху бжыгъэшхэу зригъэцIыхуащ. Абыхэм я псэукIэмрэ я дуней тетыкIэмрэщ Кашиф и «къуентхъыр», тхылъыщIэм и напэкIуэцIхэм ихуахэр.

КОТЛЯРОВ Виктор.

ЕЛГЪЭР Кашиф

Хы фIыцIэ бжьэпэм

Гулиа Дмитрий и фэеплъу

Слоижь, си гум ильыр къэпщIауэ
УщIэпэбжьауэр ара?
Плъэкl къыумыгъанэ зикl - къауэ,
Хы фIыцIэжь, зи жьэр ущIа!

Укъолъыр уэ, хьэжь епхауэ,
Уи толькъуныдзэхэр кьыскхуолъ.
Сыноплъ сэ си лъыр къэпльауэ,
Хы фIыцIэ, си гур пхуохъу Іэл.

ПщIэжрэ, си лъэпкъым зэгуэрым
Уэ хьэдрыхэ лъэмыж
Зыхуэпщ!у, уи толькъун уэрым
ЩIебгъэльафэхэр? - Къэщ!эжьыт!

А щхьэхуимытхэм я нэпсу
Уэ бгъэкIуэщIахэр - къэщ!эжьыт!
Къэщ!эжьыт я бжьигъэр цIыхупсэу
Зыльщ!эпльхьахэм? Къэщ!эжьыт!

Ей, уэ хы фIыцIэм
Уи тхьщIэр
Лъэпкъ хьэдрыхэ лъэмыжт.
Толькъун-аркъэнкIэ цIыхудзэр
Хуэпльэфт ажалым. Уемышт.

ПщIэрэ, а гуауэм, лъэпкъ гуауэм,
Уэ пхуэдиз нэпсу кьнпащ.
Тельщ ди тэмакъ ар тенауэ
Нобэ дэ псэууэ кьэнам...

Абдеж къоуIэбжьыр хы фIыцIэр,
И аркъэн пхъашэу толькъун
Іэщ!эльыр хуэму хыфIедзэ,
Щегъэтыр бжьэпэм кьеуэн.

Кьыщихужауэ напIащхьэр
Кьыскхунль-кьысхунпкIыу щыта
Хыр, ихуа пфIэщIу суд пащхьэм,
И нэшхуэр кьижу кьэщтащ...

Хьшхуэр кьызопльыр сабыру,
Ауэ сэ сльагъур нэгъэщIщ:
Зэгуэр си Хэкум и быну
ИкIуэджахэрщ хамэщI.

* * *

Дунейм щифIыгъуэм зи жьы хъугъуэр
Техуахэм сэри хъуащ сащыщ.
Мис иджыщ, жьисIэу сыщигугъэ
Дыдэм
Си гъуэгум зеуплIэнщI.

СыщищIалэгъуэу батэкъутэр
Згъэшын мурадыр щызиIам,
ЩымыIэжами цIыху дэпхъуэтыр,
ХьэIупс ящIынт пэж жызыIар.

Арати, ди кIэм дыщыщтэжу,
ЩымыIэу щIагъуэу хэпIэнкIыкI,
Дышынэу тчын лъэбакъуэ пхэнжу,
Щэху цIыкIуу гъащIэм дыдекIуэкIт.

Ар унгу темыхуэу,
Е уIыну,
Е сылIэнщ жыпIэу мурад пщIам,
Делэщ дохутырхэр кьуагъэпльнынти,
Уи Іыхьэт ахэм кьыпфIащар.

Абы и ужькIэ, сыт хуэдэфэ
Къуаплъэ щытами,
Ухъут нагъэущI:
ПщIыгъуа нэгъуни бдешхэ-бдефэу,
УлIт, зыгъэхъужи уэ я фIэщ.

Уеблэм: «Апхуэдэу зэрыхъунур
ПщIэнт», - жаIэу Іэджи ежьэжынт.
АтIэ хуейр хэтыт унэхъуну -
Гу бампIэр кIуэщIкIэ дгъэвыжынт.

Иджы еплъ къэхъуи - Си щIалэгъуэм
ПфIэщIынщ щыIауэ нэгъэщI парт:
СампIэнмыхьэу абы щыгъуэ
ЩытахэрщI нобэ лIыхъужь хъуар.

ПщIыр сыткIэ щхьэпэ,
Ноби ахэм
Тхьэм сехъуэпсэну имыух -
ГъащIэфI кьилъыхъуэурэ
Зи лъахэр
Зыбгынэр сэркIэ ар мыщIыху.

Зэрыжьысlащи,
Зыщ ситу кьеуэр:
Дунейм щифIыгъуэм дыхъуащ жьы.
Ди напэр кьабзэу,
Ди псэр хейуэ
Тхьэм дгъуэтыжьын ищI иджы щIыр.

Езым и нэпкъыжьэ иIэжу

ДЭ ДИ тхакIуэ Іэпкльэпкъыр жэпхъа щIыкIэтэкъым, литературэм и Іуфэльафэм кьыщыдагъэкIухьмэ, дыгуфIэу арат Елгъэр Кашиф тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIарэ ахэр зэIэпах-зэIэпатхьыу зэIущIэхэм ирагъэблагъэ усакIуэ цIэрыIуэ щыхьэм щыгъуэ.

Дэтхэнэ усакIуэми тхакIуэми щхьэж езым и литературэ нэпкъыжьэ иIэжу кьыщIэкIынщ. Кашиф и тхыгъэ нэхъ пасэхэм ятыбольагъуэ сабиигъуэ гурыфIыгъуэншэм кьытрина апхуэдэ нэпкъыжьэ. Пасэу анэншэ хъуа, анэнэIэнсищ зыгъэунэхуэ усакIуэ щIалэм дежкIэ сабиигъуэр гурыфIыгъуэншэ дыдэу щытащ, пэж дыдэу. И гум фIэIэфIу кьэкIыжьи щIагъуэ кьэхуиигъэнакъым сабиигъуэм Кашиф...

Ауэ сабиигъуэ насыпыншэр триуIэфIэж щIыкIэу, Тхьэм Кашиф тыгъэ кьыхужьщIащ жьыщхьэ махуэ хъуэпсэгъуэ. ЗокъуэшитIрэ дзитI зыIут кьамэрэ жьхуэIэм ещхьу щIалитI иIэщи, я дохутыркIэ щIалэм Іэджи хъуэпсэгъуэхэщ. И къуэрылъхуэкIэ гугъэгуфIэ-псэгъэгуфIэ защIэщи, адэшхэу-анэшхуэм кьопщIэпщIэкIхэр. И щхьэгъусэ Зоещи, Кашиф и зы шэджагъуашхэ блигъэкIамэ, гуазэрэ кьыкIэлъыгумащIэу и нэIэ кьытет зэпыту агъэуащ.

ІУТІЫЖ Борис,
КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ.
2005 гъэ

Сэмэгумкl э кьыщыщIэдзауэ: **щIэныгъэлI Апажэ Мухьэмэд, тхакIуэхэу Гуртуев Берт, Щоджэнцlыкlу Іэдэм, Кулиев Къайсын, Эфендиев Сэлихь, Черемисин Борис, Макитов Сафар, Боташев Исса, Елгъэр Кашиф сымэ.**

● Псалъэжьхэр

Узылъыхъуэр лъапІэ мэхъу

♦Тхъэкіумэм зэхих нэхърэ - нэм илъагъу.
♦Уджым сыхэплъафэ щхьэкІэ, сыкъеплъэфэкІын?
♦Уи насып зыхэмылъым дагъуэ къыхуобгъуэт.
♦Фальэм имыт икІутрэ?
♦Фом тхъу хэплъхьэкІэ зэІигъэхьэркъым.
♦ЦІыкІу щхьэкІэ - лъабжьэщ.
♦ЦІыхугъэ зиІэм жагъуэгъуи иІэщ.
♦Шыгъупластэм хьэтыр иІэщ.
♦Щэху гуэр зимыІэ щыІэкъым.
♦Узылъыхъуэр лъапІэ мэхъу.

Хьэлимэт

(Ауан)

Ди хьэблэм дэсщ зы цІыхубз, Хьэлимэт жари. Гушы-Іэшхуэ зэрыхэлъым щхьэкІэ хьунщ - абы и нэхъыбэр къыззэраджэр Хьэлимэтщ. Ар щыгушыІэм и деж зы гуааэ лъэпкъ и нэгум иплъагъуэркъым, и гъащІэр мытынш пэтми: и щхьэгъуэсэри дунейм ехьжащ пасэу. И адэ-анэм я гуугъу умыщІыхэз. И дзлъху закъэрэ щІилъхьэжащ. АтІэ ар гъунэгъу фызхэм къахьыхьэмэ, мыгушыІэу зэрахэмытынур ящІэри, абы и гъунэгъу псори къыщызэхуос.

- Уа, Хьэлимэт, дыгуасэ бззэрым ущысльэгъуат, хьэмэрэ?.. - жиІэнщ зым.

- А мыгъуэ, а уэ пщІэ си лІыжьыр кхъэ джабэм къыІут уи гуГъэкъэ, Асльжжан, джэд къысхуащху, жиІэу, мы дуней фІыгъуэр къысхуигъэнауэ сыхэс и гугъэжу. Зы джэдыжь хуэзукІынщи, гъунэгъуэхэм къесхьэкІынщ, жысІэри джэдщхэу сыкІуати, пыл уасэ жаІэ на, джэджьейм.

Псори мэдыхьэшх.

- Хьэлэмэт, уа, Хьэлэмэт, ари зыгуэр хъунщ, ауэ Джэрий делэ уригъэсэу уздэкІуэр дэнэт, Іей, зы махуэ? - кІъеупщІынщ нэгъуэщІ зы фызэ гуэри.

- Уэри сыкъэплъэгъуа, на, абы щыгъуэ? Алыхьым дунейм трихьыж ар. Сыкъызэрилъагъуу си ужь къоувэ на. «Уи лІыр мылиц иджыри?» - жиІэурэ къызоупщІ сыхуэзэху. «НтІэ, къъэм участковэу яГъэкІуащ», - жызоІэ сэри. Здэсхьынур дэнэ мыгъуэ мыр, жысІэу сукІытэурэ сыкъызідехым: «Фи унэр дэнэ деж здэщытыр, Хьэлэмэт?» - жиІэри къызэупщІати, «ЩІыбым дэтщ на», - щІыжьісІэм, «Уэлэхьи, сэ щІыбым дэт унэ сыхуэмей», - жери іукІыжащ.

- Сытыт на абы къригъэкІар? - мэдыхьэшх фызхэр.

- КхъыІэ, Хьэлэмэт, Хьэжбарэ мыгъуэр сымаджэу щІэупщІакІуэ сымаджэщым ущыкІуам и гугъу къытхуэщІыжьыт, - мэлъаІуэ нэгъуэщІ зыгуэрэри.

- А махуэр сэ сщызыгъэгъупщэн щыІэкъым, аззлыхь. Мы дыгъэр къэракъэрэ, къэракъэу хуабэт, тхьэ дыдэ. СумкІэшхуитІ сыгГуеу сыкІэлъыкІуат, езы мыгъуэр сымаджэщым щІэлъу. Сынсори, «тІэкІу зигъэкъэбзэну нэкІуэжащ», щыжаІэм, асыхьэту къззгъэззжащ. Ауэрэ троллейбус итІыгхьэпІэм сыкъэсьжри сежьэу сыздэщысьм, чышым тесу зы щІалэжь гуэр късэри, «дыр-р-р» жиІэри, къувыІащ. «КъитІыхьэ машинэм», - жери къысщІэкІиящ ар, ми и нэ утхъуахэр къыскущІитеббэрду, и жьакІэ зэщІэкІэжам кхъыхэплъу. Сыкъэшынауэ зыэоупІыхьри, зы щІыху псэ ІутІу мы дунейм теткъым. Зыри жызмыІэу сыздэщысьм, «КъитІыхьхьэ, жысІа, мыбы», - жиІэу етІуанэу хэкъуэуэ къыщІызжиІэм, сыт мыгъуэр сщІэнт, сумкІитІри зэрысІыгъэу чышым сыдзуваща. «ЗыІыгъ, машинэр изогъажьэ», - жери щІэпхъуащ. «Иджы къэгъэшыпІэщ, скоростьр зызохъуэжкІ, иджы кумбым хуэсакъ», - жиІэурэ, зы остановкэ сыкъынщэри къэувыІащ. «ИкІ иджы, дыкъэсащ», - щІыжиІэм, «Е фІыгъуэ нэхур зыхуищІэн, сыту фІыт», - жысІэри чышым сыкъебэкъащ. «МашинащІэ кІыІэптын хуейщ», - щІыжиІэм, сумкІэр зГъэуври зы сомитху хуэсшиящ. Ар тІууэ зэпитхэри, «мыр уи сдачэщ», - жиІэри кІыпитхъа и ныкъуэр сэ къызитыжащ. Арати, ар зэрыІужьыжу сетІысэхри къалэмкІэ сыкъэплъащ. Абы сыкъэсыным зэрыІэпІэ зы-тІущ иІэжт иджыри. ФІыгъуэ нэхур зыхуищІэн, сыту фІыт, абы мо къалэм нэс «сызэримышар», силІыкІынти мы хуабэзхым. Аизр гукІэ ззгъэзахуэурэ сыздэщысьм, троллейбусыр къэсри унэм сыкъэкІуэжащ.

... Аращ цІыху нэжэгужэм и гъащІэр зэриГъакІуэр. Хэт ищІэрэ, абы и гуи щыщІэ поор, ауэ егъэгуфІэ зыхуэзэ цІыхуэр.

ИУАН Владимир.

● ТепІъэгъуэ

Бжьыхьэ дыщафэ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Тхъигъэ кІэщІхэр

МыІэрысэм и щыуагъэр

Жыгым пыт мыІэрысэхэм ящыщ зым пщыхьэщхьэ гуэрым жеІэ:

- Кіуэщ сэ уи къудамэм сызэрыпытар. СутІыпщ, жыгыжь. Сэ къыспоплъэ гъэщІэгъуэн куэд.

Жыгым жеІэ:

- Умыделэ, фІыуэ хъуху пыт. Уэ иджыри ущхъуантІэщ.

Арщхьэкіэ мыІэрысэр абы едэІуакъым. Жьыбгъэ къыкъуэуам елъэІури, жыгым зыпригъэудащ. Жыг щІагъым здыщІэлъым, абы къыбгъэдохьэ зы щІалэ цІыкІу. МыІэрысэр къелъагъури, къещтэ. Хъуа и гугъэу йодзакъэ, асыхьэтуи хыфІедзэжь, «мыхъущ» жери. Иджы ар яхэлъщ нэмыхъусу жыгым къыпыщэщІа мыІэрысэ фахэм икІи жыгым доплъей, хъунхкІэ абы пытыну мыІэрысэхэм ехъуапсэу.

Хъунщ1акІуэ мышынэ, мыукІытэ

ХъунщІакІуэр унэм щІыхьэри, бжэр къигъэбыдэжауэ ахъшэуи дыщэхэкІыуи къыхуэгъуэтар и шумэданым дигъэззгъа къудейуэ, бжэм хэлъ уззджынэр къзэууащ. И кІэрахъуэр кърипхъуэтри, бжэм бгъэдыхьащи, хъунщІакІуэр мэгупсысэ: «Бжэм адэкІэ къыщытыр фэтэрыр зейр арауэ щытамэ, и Іункіыбзэіухымкіэ бжэр Іуихынти къыщІыхьэжынт. Аращи, хамэ гуэр къэкІуащ...»

«Хэт ар?» - щІоупщІэ хъунщІакІуэр. «Сэращ, ФатІимэтщ. Си шыпхъур дэнэ кІуаеу пІэрэ?» «КъакІуэ, къыщІыхьэ, - хъунщІакІуэм фызыр къыщІегъэхьэ. - Уи шыпхъур мыдэ тыкуэным кІуащ, щІакхъуэ къыщэхуну. Иджыпсту къэсыжынущ, пэплъэ. Сэ семыжьэжу хуэркъым. Сэлам схуехьж. Жэмал екъэжащ, жыІэ».

Шумэданыр къищтэри, хъунщІакІуэр щІэкІыжащ. Фыз хьэщІэр щысщ, поплъэ и шыпхъур къыщысыжынум. Аузрэ, пщыхьэщхьэ хъури, фэтэрыр зейр лэжьапІэ къикІыжащ. ЩІыхьэжкэ - и шыпхъу ФатІимэт щІэсщ. «Мыр дауэ укъыщІыхьа?» - жи. «Тхьэ, Жэмал и цІэу лІы гуэрым сыкъыщІигъэхьам, мыбы щІэсти. Езыр екъэжащ, сэлам схуехьж уи шыпхъум, жиІэри».

«Иджы укъыздэкІуащ емыфэ...»

Битохъу КъылышбИ пхъащІэ Іэзэт, абы къыдэкІуэуи гушыІэрейт, Іуэрыіуэдзт. «Къылышбий жиІат» жаІэри, цІыхуэм нобэми яІуэтэж абы и хъыбархэр. Абыхэм ящыщщ мыри.

Къылышбий зэрефэм щхьэкІэ фызитІ бгъэдэкІыжат. Абы иужькІэ къымышэжу зыкъомрэ щысауэ, Тэрчкіэ хьэщІапІэ кІуат. Йоуэри, зы пхъужь гуэр кърагъэлъагъу, къишэжьнуи чэнджэщ ират. ЦІыхубзым игу ирохь мо щІалэ къабзэ гушыІэрейр. Арати, куэд мыщІэу Къылышбийм къешэ ар щхьэгъусэу. Іэуэлъауэшхуи ямыщІу хьэгъуэлІыгъуэр зэфІагъэкІа нэужь, пщыхьэщхьэ гуэрым Къылышбий и фызым йоупщІ: «Сыноплъри - уІейкъым, уи Іэпкълъэпкъкіи къэт хуэдэкъым, ныбжькіи тхьэм къузэритынщ, хуэмыхуфи птеткъым. Сыт атІэ япэ уиІа лІым укъыщІыбгъэдэкІыжар?»

Куэдрэ мыгупсысэу, цІыхубзым жиІащ: «Тхьэ, ефэрти арам...»

- Уэлэхьи-тІэ, мис иджы укъыздэкІуам емыфэ, - жиІэри Къылышбий ину дыхьэшхащ, я пщІантІэ къыздэкІри, къыхуэзэу къуаем ящиІуэтэжащ и щхьэгъусэм къыжриІари езым абы пидзыжари.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Сатыр пІаскІуэхэр

Іэгъэбэгум

Хамыбжэу хъуакъым
лІыхэм
Іэгъэбэгур:
Щхьэрыгъэсат абыи
ПыІэ тІэкІур.

Лэчым

МыхъумыщІагъэу
щІэбуфахэр лэчым,
Утыратхъури,
къыщІэщащ хьэлэчыр.

Хьэмрэ сабиймрэ

ИІыгъыхкІэ сабийм
щІакхъуэ Іыхьэр,
Хьэр абы дзэджэгурт
щыгуфІыкІыу,
ІэплІэ хуищІу сабийм
ар бгъэдыжьэрт,
Къритыхукіэ щІакхъуэм
къыпищІыкІыу.
Сабийм иІыгъ щІакхъуэр
зэрыфІишхыу,
Хьэр абы, кІэбгъу зещІри,
бгъэдокІыжыр,
«Тузик!» - жиІэу дапщэрэ
мыджами,
Ауэ жыжьэу
къыхуемыплъэкІыжу.

Шыд критик

«Си теплъэр къекІукъэ?
Уигу ирихьэ?» -
Шыр шыд бгъэдэтым
щеупщІам,
Къитащ жэуапу: -
«ФІыт нэхъ кІыхьрэ
ТхьэкІуэмэр
Уи пкъыр нэхъ щІыкІуам».

Вым

«Сыт-тІэ уэ бжьакъуэ
щІыптемытыр?» -
Выр шкІэм ифІэщу
йохъурджауэ,
Езым щеІуэжыр
иувыкІауэ
Бжьакъуэншэу ныбэм
къимыкІауэ.

Былыхъуэ

Мылъкум и нэр
къыщІипхъащ -
Къэгубжьащ Былыхъуэ:
Сомым мафІэ щІыгъэнау
Апэсым мэлъыхъуэ.

ДЖАТОКЪУЭ Юрэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Пэжым и нэр нэхъ жану маплъэ

♦Мащ1э щыжаІэм гупсэхуу щыдаІуэ.
♦Мурадрэ гугъэрэ зэтІолъхъэныкъуэщ.
♦Мыхьэнэншэр къидмыдзэурэ бзлыхьышхуэ дыхедзэ.
♦Напэ зимыІэр дзажэпкъ щагъащІэртэкъым.
♦Напэр къабзэмэ, гур щабэщ.
♦Напэнишэр напэм тепсэлъыхьырейщ.
♦Напэнишэ нэхъ рэ - делэ.
♦Насыпыфіэу зызыліытэж насыпынщэхъым.
♦Нэгъэщ1 зыхулъэмыкІыр и щхьэ щотхъуж.
♦Нэм къыщІэІэбэр умылъагъумэ, угунэфщ.
♦Нэпсей и хьэщІэ къумым ис пэлъытэщ.
♦Нэпсейм и ныбгъуэри ныщу къыщохъуж.
♦Нэпсейм и нэкІэ зумылпІыхь - ухэнынщ пшэрыхь.
♦Нэхъыкіитым фІы яхэткъым.
♦Нэфрэ дзэгурэ зэгурыуэгъуафІэщ.
♦Нэфым цІыхугъэр елъагъури, дэгум цІыхугъэр зыхекІэ.
♦НитІрэ пэт зэхуэдэу хэдэркъым.
♦Пэжым и нэр нэхъ жану маплъэ.
♦Пэжыр щІакъуэ щыхъум, пцІым шэсыжащ.
♦Пэжыр гъуэгу пхэнжми щылъэпэрапэркъым.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщІэт, мэлыл, кІэртІоф, пхъы хэлъу

Мэлылыр зэпауп1щІ е зэпауд Іыхьэ цІыкІуурэ, г 30 - 40 хъууэрэ. Псы щІыІэкІэ ятхьэщІ, щыауаным ит псы щІыІэм халъхьэри, мафІэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІу ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, лыр ныкъуэвэфІ хъуху яГъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ зэпэплІимэу упщІэта кІэртІоф халъхьэ, зэ къытрагъэкъуалъэри, бжьныхуэ убам и ныкъуэр халъхьэ, зэІащІэ, шыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету къаГъавэ дакъикъипщІ-пщыкІутхукІэ. Абы халъхьэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта пхъы укъэбза. Шыуаныщхьэр трапІэжри, къаГъавэ дакъикъиплІ-тхукІэ. ИтІанэ халъхьэ зэпэплІимэ цІыкІуурэ упщІэта бжьныщхьэ, бжьныхуэ-шыгГу къэнар, шыбжий, шыуаныщхьэр трапІэжри, хьэзыр хъуху яГъавэ.

Шыуаныр пэшхьэкум къытрах, джэдгын хаудэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъи 4 - 5-кІэ щагъэт, нэхъ мэ гуакІуэ кІыщтэн щхьэкІэ. Пщтыру фалъэ куукІэ Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ, пІастэ щІыІэ, чыржьн гъэувэ.

Халъхьэхэр (цІыуитІ Іыхьэ): мэлылу - г 500, лыр зэрагъэвэну псыуэ - г 1400-рэ, кІэртІоф укъэбзауэ - г 200, пхъы укъэбзауэ - г 80, бжьныщхьэ укъэбзауэ - г 30, бжьныныхуэ - г 35-рэ, шыбжий сыру, шыгГуу, шыбжий фІыцІэу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Хьэиуэ тхьэмпэ шей

Бжьыхьэм хъыпыщэща хьэиуэ тхьэмпэ гъуэжьыр къащыпІ, Іуданэкіэ яІэри, жьауапІэм щагъэгъу. Шей щагъэвэнум деж ятхьэщІ, псывэ щІакІэ, и щхьэр трапІэжри, мафІэ цІыкІум тету дакъикъэ 15 - 20-кІэ яГъавэ. Абы пльыжь дахэу къыщІэвыкІар Іэнэм щытрагъэувэкІэ кхъузанэкІэ яз. ФошыгГу хэлъуи, шыгГу хэдзауи, шэ хэкІауи ираф. Тхьэмпэ куэдыщэ хэльмэ, шейр дыдж мэхъу. Шыгъу хадзэнумэ, хьэиуэпсым шэ гъэпщта хакІэри, къытрагъэкъуалъэ.

Пщтыру ираф, щІакхъуэ, чыржьн, мэжаджэ е лэкъум щыгГуу, кхъуеи дашх. Шатэпс хэзыкІи щыІэщ.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхьжащ.

● Тхьилъ

Псалъэзэблэдз



Екіуэкіыу: **3**. Іэ Іэтыным ипэ къихуэу ... комиссэ къызэрагъэпэщащ. **5**. 2016 гъэм Бразилием щекІуэкІа дунейпсо Олимп Джэгухэм дыщэ медаль къыщыдэзыхьа адыгэ щІалэ. **8**. «Е гуфІэгъуэщ, е гуэзвэгъуэщ» жари, лІыжьфызыжьым ахъшэ ... дадзыхащ. **9**. Джэду лъэпкъым щыщ псэущхьэ Іэл, къаплъэным нэхърэ нэхъ цІыкІуу. **11**. Къэрал гъунапкъэр зыхъумэжэр сыт щыгГуи ... зэпытщ. **12**. Гумахэ, зи гум темыхуэІа. **13**. Ямыупсу нэхъапэм щхьэкум къытранэу щыта щхьэц Іэрамэ. **15**. Пхъэ уадэшхуэ. **17**. Губгъуэм ит Іэщым, шым гъэмахуэ зэманым я фэр изых бадзэшхуэ. **21**. Палестинэм я лІыщхьэу, Совет Союзым и ныбжьэгъуу щыта ... Арафат. **22**. ПхьащІэ Іэмэпсымэ. **23**. Жыг лъабжьэм и гъумпІэ. **24**. ГъэшхэкІ. **25**. МахуэцІэ. **26**. Уи ... си бжьых къыумыпх. **31**. ...-жаПІи арамыту, ди зауэлІхэм бийр хагъэщІащ. **32**. Зи лъабжьэр бжьныщхьэм ещхь мэз бжьныхуэ. **33**. ЗэкъуэшитІым къалъхуэ зэІыхьлитІ: тІури Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыкубэ тхакІуэжащ. **34**. Ди гъунэгъу Іэзэм ... пэшагъэу иІэу жеІэ. **35**. Зыкъомрэ щыта махъсымэм и щІэм къыщІонэ. **36**. Іэпслъэпсым щыщщ. **37**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар къэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **41**. Адыгэ зэрэджьыІакІуэ Іэзэ, Урысей Федерацэм и ціыхубэ артист. **42**. Пашэ е лэжьакІуэ ... **44**. Зи ныбжьыр хэкІуэта цІыхухъу. **45**. ...-цхьэрыуэ. **46**. Джанэм, кІэстумым я зы Іыхьэ.

Къехьу: **1**. Республикэм ди мащІэкъым лъэпкъыр зэрыгушхуэ ..., усакІуэ цІэрыІуэхэр. **2**. Путин и ... -секретарыр Песковщ. **3**. Нартхэр зэрызэпеуэу щыта бэнэкІэ. **4**. Хэку зауэщхуэм лІыгъэ къыщызыгъэлъэГъуэ къэбэрдей усакІуэ. **6**. Джыдэм нэгъуэщІу зэреджэ. **7**. ЦІыху Іэумыщ1э, нэпкъэпкъышхуэ. **10**. Дыхэм ... гуакІуэ къыхех. **14**. Мэл ... гъэжьар Іэфщ. **16**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **18**. СНГ-м щыщ къэрал. **19**. Хьэпщхупщ. **20**. Псы Іуфэ чыцэжм, мэкъупІэхэм щыпсэу къуалэбзу цІыкІу, щІагГуэу мыльэтэфу. **27**. ЦІыху мелуан 200-м щІигГу щыпсэу мусПымэн къэрал. **28**. УнафэщІхэм ... пхэнж зиІэу яхэтыр мащІэкъым. **29**. Къуажэ, псыежэж. **30**. Уи адэ и гъуэгужьэ и ... умыбгынэ. **38**. ХьуаскІэ къызыхих мывэ джей быдэ. **39**. ... вы бжьакъуэм къокІ. **40**. ПлІанэпэ зэхуэдизу плІы зиІэ гуэр. **42**. Псалъэжьым тепщІыхьмэ, абы лъэкъуэ щІэтхъым. **43**. Гузгушыхъум е къазыхъум и бгъэм трищІэ пшэрыпІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Жэуапхэр

Ежьыгъуэм и 3-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **1**. ПхащІэ. **3**. Амдэч. **7**. Бжьэпэтехуэ. **8**. Псей. **9**. Ауэ. **10**. Лыгъэ. **13**. ХьэщІэр. **14**. Гъымбу. **17**. Абазэхэ. **18**. Тхъу. **19**. Хугу. **20**. Пшынауэ. **23**. Сабий. **24**. Къурашэ. **28**. Нэпкъ. **30**. Блэ. **31**. Хьэлъкъ. **32**. Джугашвили. **33**. Тумэн. **34**. Шэджэм.

Къехьу: **1**. Пхъампэ. **2**. ЩІэжьей. **4**. Махуэл. **5**. Чэнджэщ. **6**. Хьэиуэ. **11**. Лъэмб. **12**. Шытх. **13**. Хьэнтхъупс. **15**. Унэгущэ. **16**. Кхъузанэ. **21**. Щхий. **22**. Уэркъ. **25**. Анэмэт. **26**. Блашэ. **27**. Акъылым. **29**. Къаугъэ. **31**. Хьэлвэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ кхъуэдэз), Жьлаэс Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэз), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхъ секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэшдэныкъо Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩІхьэщэмыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узышпагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыныгъэр хъумэнымкІэ къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдэз **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхьу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.990●Заказ №2126